

Pou Piblikasyon Imedya: 18/03/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN PWOJÈ YO FINANSE ATRAVÈ INISYATIV REDIKSYON POVRETE EMPIRE STATE LA NAN BUFFALO

### *Sèt Pwogram pral Kòmanse avèk plis pase 1.4 Milyon dola nan Finansman Eta a*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse sèt pwojè y ap finanse nan kad Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State la (Empire State Poverty Reduction Initiative, ESPRI) nan Buffalo. Pwojè sa yo se yon rezilta dirèk ESPRI an, ki se inisyativ 25 milyon dola Gouvènè an pou ede 16 kominote devlope estrateji nan nivo lokal yo pou redui povrete, epi ogmante opòtinite ekonomik yo pou tout Nouyò yo.

“Nou ap responsabilize kominote yo pou yo ka konekte moun yo ak opòtinite ki ap ede mete yo sou yon wout pou yo soti nan povrete epi jwenn endepandans ekonomik”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen felisite Buffalo pou efò y ap fè pou pote chanjman siyifikatif nan kominote yo a epi mwen paka tann pou pwogram sa yo pote bon rezilta.”

“Nan kad Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State nou an, nou ap bay finansman pou kominote yo nan tout Eta a pou adrese pwoblèm pwovrete ki enpòtan anpil yo ki kontinye afekte lavi anpil moun Nouyòkè”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te fè anons lan jodi a te deklare.** “Nou vle asire ke nou bay moun k ap viv nan povrete yo opòtinite ak resous yo bezwen pou ede yo mennen yon lavi ki pi estab. Envestisman sa a nan pwogram rediksyon povrete yo nan Buffalo pral ogmante opòtinite ekonomik pou abitan ki nan Rejyon Lwès New York yo.”

Byen rapid apre ke Gouvènè a te anonse Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State la an 2016, Albany, Binghamton, Bronx, Buffalo, Elmira, Hempstead, Jamestown, Newburgh, Niagara Falls, Oneonta, Oswego, Syracuse, Troy, Utica ak Watertown te rejwenn Rochester nan devlope fòs entèvansyon lokal yo pou kapab sipèvizè efò lokal yo epi administre finansman Eta a.

Inisyelman, gwoup travay sa yo te travay pou idantifye zòn ki gen gwo nesesite yo epi devlope rekòmandasyon pou envestisman ak lòt chanjman pou redui kantite moun ki ap viv nan povrete yo. Kounye a, gwoup travay yo ap kòmanse egzekite plan rediksyon povrete yo ke yo te devlope nan premye faz lan, apati itilizasyon fon ESPRI a.

United Way of Buffalo & Erie County ak Fondasyon Kominotè pou Greater Buffalo (Community Foundation for Greater Buffalo), òganizasyon prensipal yo k ap administre finansman ESPRI a nan Buffalo, ap lanse yon kontinyòm pou Kanal Jesyon Talan (Talent Pipeline Management) pou ede redui difikilte finansye.

United Way a ap egzekite THRIVE Buffalo avèk èd òganizasyon kominotè ki angaje sou kontra yo ak anplwayè òganize nan zòn nan pou ede abitan vil yo ki gen revni fèb yo

aksede ak pwogram devlopman mendèv yo, edikasyon finansye, ak sèvis sipò ki vize ede yo vini anplwaye epi atenn estabilite finansye alontèm.

Sèt pwogram yo te apwouve pou jwenn finansman nan THRIVE Buffalo a se:

**Konsòsyòm pou Devlopman Mendèv Buffalo ak Konte Erie a (Buffalo and Erie County Workforce Development Consortium), 701,725 dola** - k ap Travay avèk Sant Anplwa ak Fòmasyon Buffalo a (Buffalo Employment and Training Center), aktè kle yo pral angaje pou kreye yon kanalizasyon devlopman mendèv pou prepare ak konekte patisipan nan pwogram yo avèk opòtinite anplwa wot kalite, ki kapab soutni fanmi nan endistri kwasans kle. Efò sa a pral enplike yon amonizasyon nan resous yo pou sipòte dirabilite pwogram nan alontèm.

**Sant Fòmasyon Mendèv Northland (Northland Workforce Training Center) a, 397,597 dola** - Aktè kle yo pral angaje pou kreye yon kanalizasyon devlopman mendèv, avèk yon konsantrasyon espesifik sou fòmasyon nan manifakti avanse ak endistri ki gen rapò. Efò sa a amonize resous yo pou sipòte dirabilite pwogram nan alontèm.

**Patenarya Buffalo Niagara (Buffalo Niagara Partnerhsip), 199,696 dola** - Pou sèvi kòm ;patenè lidè nan konvoke ak nan òganize anplwayè yo epi konekte patisipan THRIVE Buffalo yo ak opòtinite pou amelyore abilitè yo epi rivalize pou djòb avèk anplwayè lokal yo nan endistri ki gen demann wot yo.

**Sant pou Rechèch Gouvènmantal la (Center for Governmental Research), 75,000 dola** - yon plan evalyasyon pral konsewa li ap etabli rezilta eskonte THRIVE Buffalo yo epi asire ke pèfòmans pwogram nan mezire, epi tou ede fasone modelizasyon pwogram nan alavni.

**Jackson Parker Communication, 60,000 dola** - Pral gen sèvis maketing ak relasyon piblik ki pwomouvwa sansibilizasyon THRIVE Buffalo a pou asire inisyativ la atire patisipan ki enterese epi ki kalifye yo.

**211-WNY ak Buffalo 311, 24,000 dola** - yo pral fòme pèsònèl sant apèl la pou idantifye kandida pou THRIVE Buffalo a epi refere yo bay founisè pwogram ki koresponn nan dapre bezwen chak moun yo.

**Community Connections of New York, 11,500 dola** - Yo pral bay sèvis sipò yo dapre bezwen endividyèl yo pou chavire baryè yo nan anplwa, gen ladan l transpò, gadri pou timoun ak sètifikasyon oswa akreditasyon.

**Komisè pa Enterim Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape Eta New York la (New York State Office of Temporary and Disability Assistance), Mike Hein, te deklare,** “Gouvènè Cuomo rekonèt ke kòz povrete yo anpil epi yo p ap kabab rezoud ak yon l antite sèl. ESPRI bay yon modèl ki responsabilize kominote yo pou adrese bezwen lokal yo pandan l ap ede ankouraje mobilite ekonomik kwasant pou tout Nouyòkè yo”.

**Sekretè Deta New York la, Rossana Rosado, te deklare,** “Gouvènè Cuomo rekonèt ke pou kominote yo pwospere, nou dwe bay resous pou ede abitan ki gen mwens

mwayen yo. ESPRI bay yon koutmen ak sila yo ki ap soufri anba povrete yo, sa ki an retou ranfòse lyen kominotè yo, bay abitan yo yon sans fyète, epi ankouraje kwasans alafwa anndan ak an deyò chak lokalite. Sa yo se gran pwogram ki pral ede pote yon kad ekonomik ekitab pou nou tout ka pwospere”.

**Kowòdonatè Ant Ajans Òganizasyon San Bi Likratif yo Fran Barrett te deklare,** “ESPRI kontinye efò reyisi Gouvènè Cuomo ap fè pou l takle koz fondamantal povrete yo ak inegalite revni yo. Atravè ESPRI, Gouvènè Cuomo te responsabilize Nouyòkè ki gen revni fèb yo pou yo konsewa estrateji pou retire baryè ki anpeche yo atenn mobilite ekonomik ak sosyal yo. Sa a se yon moman pou grand kontantman paske sitwayen Buffalo yo ap travay ansanm pou yo jwenn rezilta tanjib. Pwojè inik pou chanje sistèm lan yo te lanse jodi a yo se bèl egzanp ki montre travay k ap fèt atravè eta a yo nan toule 16 lokalite ESPRI a yo. Nou ap aplodi travay lidèchip lokal Buffalo lan ap fè yo epi nou paka tann pou n wè enpak ke efò sa a pral genyen sou lavi fanmi Buffalo lan yo”.

**Senatè Tim Kennedy te deklare,** “Sibvansyon sa yo pral vize povrete dirèkteman isit la nan Lwès New York Apwòch global sa a, ki konsantre sou travay, transpò, fòmasyon, swen pou timoun ak plis ankò pral ede pou anpil tan adrese kòz povrete yo isit la nan Lwès New York. Mwen rekonesan anpil pou travay di ki te mete nan pwogram THRIVE Buffalo a pa oganizatè prensipal nou yo, United Way of Buffalo & Erie County ak Fondasyon Kominotè pou Greater Buffalo (Community Foundation for Greater Buffalo). Lidèchip yo nan devlopman apwòch sa a pou amelyore lavi pòv k ap travay nan rejyon lwès New York yo te gen anpil valè e mwen kontan anpil pou m wè pwochen etap pwosesis sa a kòmanse.”

**Senatè Chris Jacobs te di,** “Mwen kontan anpil ke 1.4 milyon dola nan lajan Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State pral sèvi pou sipòte devlopman mendèv inovatè ak pwogram fòmasyon travay nan Vil Buffalo. Anpil konpayi ak anplwayè ke mwen te rankontre te di m ke jwenn anplwaye kalifye ki gen konpetans nesèsè yo se pi gwo defi yo. Pwogram ki finanse atravè inisyativ sa a pral ede adrese bezwen sa yo pandan ke y ap prepare moun pou opòtinite travay ki pral bay fanmi yo plis estabilite ekonomik ak sekirite”.

**Lidè Majorite nan Asanble a, Crystal Peoples-Stokes te deklare,** “Mwen ta renmen felisite tout anplwaye ESPRI nou yo ak patnè ekip travay nou yo. Nou t ap kolabore epi bati kapasite pou kèk tan pou nou te kapab kòmanse Faz 2 aplikasyon an san pèdi tan. Sèt (7) pwogram ki anba THRIVE Buffalo yo administre pa United Way ak Fondasyon Kominotè pou Greater Buffalo a pral asire rezidan yo gen aksè a fòmasyon travay a, edikasyon finansye, ak sèvis ankadreman pou ede yo sou wout endepandans finansye an. Gras a 1.7 milyon dola ki soti nan Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State la, nou ka kontinye efò nou pou ogmante tout bato yo ak kouran ekonomik la”.

**Manm asanble Sean Ryan te deklare,** “Finansman pwojè sa yo pral vital nan ede moun k ap antre nan mache travay la jwenn fòmasyon yo bezwen epi pèmèt yo vin ekonomikman endepandan. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou investisman kontinyèl li nan rejyon Lwès New York epi pa ka tann pou wè kominote nou an kontinye devlope akòz pwogram sa yo”.

**Manm Asanble, Pat Burke, te deklare,** “Mwen kontan wè fon enpotan sa yo vini nan rejyon nou an pou ete pwogram THRIVE Buffalo a, e mwen vle remèsye Gouvènè a paske li rekonèt potansyèl kominote nou yo. Resous sa yo pral ede anpil moun devlope konpetans ki nesèsè pou yo vin yon pati nan mache travay k ap grandi nou an”.

**Egzekitif Konte Erie Mark Poloncarz te deklare,** “Nan Konte Erie n ap devlope yon mendèv ki pare pou satisfè bezwen ekonomi jodi a, e n ap asire ke rezidan k ap chèche amelyore konpetans anplwaye yo gen kapasite pou yo fè sa. Finansman ki soti nan Eta New York pral dinamize Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State la epi bay plis potansyèl anplwaye opòtinite pou pouswiv travay ki byen peye ak sekirite pou tèt yo ak fanmi yo”.

**Majistra Vil Buffalo Byron Brown te deklare,** “Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li te travay avèk mwen pou l konbat povrete nan vil Buffalo. Finansman sa a pral kontinye amelyore aksè a fòmasyon pou tout rezidan ka jwenn konpetans yo bezwen pou amelyore kalite lavi yo”.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral United Way of Buffalo and Erie County Michael Weiner deklare,** “United Way of Buffalo and Erie County kontan anpil pou li lanse THRIVE Buffalo; yon inisyativ kominote kolaboratif ki fèt pou kreye yon Kanal Jesyon Talan kontinyèl pou sipòte rezidan ki nan chomaj yo ak sa ki pa touche ase yo nan Vil Buffalo. Plis fanmi ap fè fas a difikilte ekonomik pase menm sa liy federal povrete a sijere epi amelyore aksè a travay ki peye plis ak opòtinite pou aprann plis konpetans pral pi byen sipòte fanmi sa yo epi mete yo an pozisyon pou plis estabilite ekonomik. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo pou sipò kontini li nan kominote nou an”.

Inite Kowòdinasyon San Bi Likratif (Nonprofit Coordination Unit) Gouvènè a, ansanm ak Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape Eta New York la, Biwo pou Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la (New York State Homes and Community Renewal), ak Ekip Sibvansyon ak Refòm Eta New York la (New York State Grants and Reform Team), te òganize plizyè sesyon ekout atravè eta a ane pase, pou diskite sou mizajou yo ak pwogram Gouvènè a, reponn kesyon yo, epi konekte ak gouvènman lokal la ak founisè san bi likratif yo ak gwoup biznis yo. Rè s kominote yo tout nan divès faz devlopman ak adaptasyon rekòmandasyon lokal yo, epi yo prevwa anonse plan rediksyon povrete endividyèl yo nan mwa ki gen pou vini yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)